

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013, bisa dicindekkeun yén: (1) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* ngaronjat. Hal ieu bisa katitén tina hasil pretés jeung postés siswa. Saméméh ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* kapaluruh yén 23 urang atawa 85,19% siswa anu meunang peunteun  $< 75$  kalawan katégori can tuntas jeung 4 urang atawa 14,81% siswa meunang peunteun  $\geq 75$  kalawan katégori tuntas. Sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* kapaluruh 5 urang atawa 18,52% siswa anu meunang peunteun  $< 75$  kalawan katégori can tuntas jeung 22 urang atawa 81,48% siswa meunang peunteun  $\geq 75$  kalawan katégori tuntas; (2) aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pretés jeung jumlah rata-rata postés kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik*. Saupama dititétan tina hasil pretés jeung postés siswa nya éta tina 48,61% ngaronjat jadi 82,50% anu ngahasilkeun rata-rata gainna nya éta 33, 89%; jeung (3) tina uji hipotésis anu ngahasilkeun  $t_{itung} > t_{tabél}$ , nya éta 12,5 > 2,48 bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén éta modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* éféktif dipaké dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013.

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu, diantarana:

- 1) Modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* anu kabukti éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda, bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran séjénna;
- 2) Lakukeun ékspérimén murni sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa digeneralisikeun kana populasi anu leuwih lega;
- 3) Ayana panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* dina matéri pangajaran lianna pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan éta modél pangajaran;
- 4) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik*;
- 5) Gunakeun modél-modél pangajaran séjénna dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda di SMA.